



Pou Piblikasyon Imedya: 24/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**PANDAN SEMÈN LATÈ A, GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 5.4 MILYON DOLA NAN PRIM SIBVANSYON POU KWASANS ENTÈLIJAN POU KOMINOTE YO NAN CATSKILLS AK NAN ADIRONDACKS**

***Pwojè ki finans yo pral sipòte inisyativ lojman yo, amelyore enstalasyon kiltirèl ak opòtinite lwazi, epi ankouraje kwasans ekonomik ki konpatib ak pwoteksyon anviwònmantal***

***Anons lan akonpanye ak inogirasyon travay zòn pakin pou 80 machin Peekamoose Blue Hole la ki fèt pou ankouraje vizit Catskill ki an sekirite ak dirab***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a plis pase 5.4 milyon dola nan prim bay 48 kominote ak òganizasyon nan pak Catskill ak Adirondack yo pou inisyativ kwasans entelijan. Pwojè finans yo pral sipòte rejyon ki renome pou konekte vizitè yo ak lanati nan amelyore ak elaji opòtinite rekreyasyon; abòde bezwen enfrastrikti vilaj yo, enèji, ak lojman abòdab; bay sant vizitè, teyat, ak amelyorasyon mize; amelyore aksè ak pwoblèm sekirite; epi sipòte efò planifikasyon konplè.

"Sibvansyon pou Kwasans Entelijan reprezante yon investisman enpòtan nan kominote nou yo, sa ki ankouraje devlopman dirab, pwosperite ekonomik, ak amelyore kalite lavi pou tout Nouyòkè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk sibvansyon sa yo, n ap ekipe lidè lokal yo pou yo aplike solisyon avanse ki adrese defi ijan pandan y ap poze fondasyon pou yon avni ki pi briyan, ki gen plis pwosperite. Konsantrasyon administrasyon mwen an sou kriz lojman an santral nan seri prim sibvansyon sa a ak finansman ki ap dirije nan direksyon revizyon kòd lokal yo ak depans pre-devlopman pwojè pou lojman abòdab."

Kwasans entelijan se yon apwòch nan planifikasyon ak devlopman kominotè ki ankouraje itilizasyon tè nan yon fason ki kreye kominote ki vivab, dirab ak ekitab. Kwasans entelijan ka bay bon balans ant devlopman ak prezèvasyon, pwomouvwa plizyè prensip planifikasyon itilizasyon tè tankou renouvèlman modèl itilizasyon tè ki yon fwa te vin natirèlman nan pak Adirondack ak Catskill yo.

**Komisè pa enterim Depatman Prezèvasyon Anviwònmantal la, Sean Mahar, te deklare,** "Patenè gouvènman lokal yo enpòtan pou siksè efò konsèvasyon pak Adirondack ak Catskill DEC yo, epi nan envesti dirèkteman nan kominote pak yo,

Gouvènè Hochul ap montre kijan pwoteksyon resous natirèl ak devlopman ekonomik kapab ekilibre. Ekipe minisipalite yo pou yo inove, kolabore, ak konsantre sou rezistans alontèm se yon konpliman esansyèl nan efò pwoteksyon agresif eta a epi li ede kreye patenarya dirab ak kominote pak yo alavni."

Anons finansman jodi a konplete plizyè ane aksyon Eta a pou sipòte planifikasyon kwasans entelijan ak aplikasyon pwojè dirab. Sa gen ladann kòmansman konstriksyon yon nouvo zòn pakin ak santye koneksyon aksesib pou vizitè Peekamoose Blue Hole ak zòn Rondout Creek ki tou pre nan Sundown Wild Forest, vil Denning, Konte Ulster, ki pral ankouraje vizit ki an sekirite epi dirab. Zòn pakin 80 machin nan pral pèmèt kantite vizitè k ap grandi yo pake machin yo pi fasil, ede anpeche pakin san otorizasyon sou bò wout yo, epi bay yon wout dirèk nan Blue Hole. Anvan sa, vizitè yo t ap gaye pami anpil zòn pakin separe sou tout koridò Riparis Valley Peekamoose Valley ki mezire anviwon senk km la.

Nouvo santye koneksyon aksesib nan 3,270 pye, ansanm ak nouvo zòn pakin lan, pral ede redirije sikilasyon epi bay vizitè yo yon eksperyans ki pi senp, ki pi agreyab san yo pa mete sekirite piblik an danje oswa afekte resous natirèl yo. Nan dènye ane yo, ogmantasyon vizit nan zòn popilè sa yo te lakòz pakin ak randone ki pa an sekirite, ak ogmantasyon sovtaaj, fatra, ak lòt domaj nan anviwònman an. Yo ap raple vizitè yo ke yo egzije yon pèmi pou itilize tout koridò a ant 15 me ak 15 septanm chak ane epi yo ka jwenn yo atravè [sitwèb DEC](#) la.

### **Sibvansyon pou Kwasans Entèlijan yo**

Pwogram sibvansyon Kwasans Entèlijan DEC la sipòte pwojè kapital ak inisyativ devlopman kominote ki konekte pwoteksyon anviwònman, devlopman ekonomik, ak vivabilite kominote a nan kondisyon pwoteksyon espesyal Rezèv Forestyè a. Anba a gen yon lis pwojè 2024 ke yo finanse.

**Pwojè Pak Adirondack yo** – 36 prim ki totalize 4,386,247 dola.

Pwojè ki adrese bezwen lojman abòdab:

- Pwogram Asistans Lojman Konte Essex: 300,000 dola – Pwogram Pre-Devlopman Lojman Rejyonal Adirondack Roots
- Northern Forest Center, Inc.: 125,000 dola – Katalize Devlopman Lojman nan Kominote Adirondack yo
- Depatman Planifikasyon Konte Warren: 105,288 dola – Vilaj k ap Pwospere: Yon Apwòch 21èm Syèk pou Devlopman Vilaj

Pwojè ki konsantre sou rekreyasyon, anviwònman, kwasans ekonomik dirab ak lòt priyorite kwasans entelijan yo:

### **Konte Essex**

- Vilaj Lake Placid: 300,000 dola – Debi Santye Wout Ray Adirondack Rail la

- Vilaj Saranac Lake: 300,000 dola – asenisman tè pou konstriksyon nouvo Teyat Pendragon
- Ajans Devlopman Endistriyèl (Industrial Development Agency, IDA) Konte Essex: 125,000 dola – sibvansyon Mikwo Antrepriz pou Revitalizasyon Pwodiktè Agrikòl
- Vil Keene: 125,000 dola – Santye Kominotè nan Branch Lès ak Koneksyon Vilaj
- Vil Newcomb: \$125,000 – Sant Dakèy Newcomb
- PRIDE of Ticonderoga: 122,000 dola – Perpetual Ice: Etablisman Entegre pou Kwasans Lwazi ak Ekonomik
- Vil North Elba: 115,000 dola – Pis Ponpaj Kominotè
- Vil Essex: 103,355 dola – Vilaj Whallonsburg – Etid Wout ak Konsepsyon Enjenyeri
- Santye nan Rejyon Champlain.: 100,000 dola – Ogmante Aksè Piblik Pèmanan nan Santye yo nan Champlain Valley nan Pak Adirondack la
- Vilaj Saranac Lake: 100,000 dola – Etid sou Fezabilite pou Peyizaj Lari Lake Flower Avenue an
- Vil Jay: 66,960 dola – Plan konplè
- Vil Westport: 65,000 dola – Plan konplè
- Fort Ticonderoga Association - 30,000 dola – Konsèvasyon Sant Rechèch

### **Konte Franklin**

- Vil Tupper Lake - 300,000 dola – Amelyorasyon Sit Preparasyon pou Santye Ray Estasyon Tren
- Distrik Konsèvasyon Tèren ak Dlo Konte Franklin: 125,000 dola – Planifikasyon Jesyon Pasaj a Nivo Rivyè Woutye Pak Adirondack la
- Vil Harrietstown: 122,000 dola – Ekspansyon Pak Minisipal

### **Konte Fulton**

- Konte Fulton: 135,000 dola – Mize ak Sant Dakyè Great Sacandaga Lake
- Vil Caroga: 99,700 dola – Santye Wheelerville: Faz De

### **Konte Hamilton**

- Adirondack Historical Association: \$125,000 – Eksperyans Afwo-ameriken nan Ekspozisyon Pèmanan Adirondacks la
- Sant Atistik Adirondack Lakes: 125,000 dola – Achte pwopriyete Potters Resort la
- ADKACTION.ORG, INC.: 124,396 dola – Retablisman depotwa yo ki favorab pou polinizatè ak rekreyatè yo
- Vilaj Speculator: 65,000 dola – Plan Konplè
- Indian Lake Theatre: \$26,475 – Pwojè Aksè ak Sekirite Bilding

### **Konte Herkimer**

- Vil Webb: 125,000 dola – Reparasyon ak Amelyorasyon Ekipman pou fè Nèj nan McCaulley Mountain
- Bibliyotèk Old Forge: 62,745 dola – Konvèsyon Idwonik pou Chofaj ak Refwadisman Jewotèmik

### **Konte Lewis**

- Depatman Planifikasyon Konte Lewis: 125,000 dola – Plan Devlopman Santye Rekreyasyon Ivènal
- Depatman Planifikasyon Konte Lewis: 125,000 dola – Ekspansyon Wo Debi
- Vil Greig: 52,083 dola – Plan konplè

### **Konte Oneida**

- Vil Forestport: 42,245 dola – Prevansyon Espès Akwatik Anvayisan-Materyèl Siyalizasyon ak Materyèl Edikatif

### **Konte Warren**

- Vil Lake George: 125,000 dola – Prezèvasyon McPhillips nan Sal Klas Deyò ak nan Santye Randone Avanse nan French Mountain
- Vil Lake Luzerne: 125,000 dola – Destinasyon Lakou Rekreyasyon Lake Luzerne
- Vil Bolton: 124,000 dola – Pwojè Diminasyon Dlo Ize
- Vil Hague: 25,000 dola– Mizajou Plan konplè

### **PROJÈ PAK CATSKILL – 12 prim ki totalize 1,075,021 dola**

Pwojè ki adrese bezwen lojman abòdab:

- Vil Hunter: 125,000 dola – Plan Global Rezilyan ak Lwa Lokal Kominotè ki favorab pou Lojman

Pwojè ki konsantre sou rekreyasyon, anviwònman, kwasans ekonomik dirab ak lòt priyorite kwasans entelijan yo:

### **Multi-konte (Greene, Ulster, ak Delaware)**

- Sant Catskill pou Konsèvasyon ak Devlopman: 148,078 dola – Amelyore Eksperyans Vizitè yo nan Pak Catskill la

## **Konte Delaware**

- Vil Colchester: 91,000 dola – Mizajou Plan konplè
- Vilaj Margaretville: 50,000 dola – Mizajou Plan konplè
- Vil Middletown: 50,000 dola – Mizajou Plan konplè

## **Konte Greene**

- Vil Prattsville: 125,000 dola – Pak Prattsville
- Vilaj Tannersville: 125,000 dola – Pak Upper Lake
- New York New Jersey Trail Conference: 73,443 dola – Pwogram Konsèvasyon Santye Catskill
- Vilaj Tannersville - 47,500 dola – Siyalizasyon Pak Rip Van Winkle Lake/Santye Huckleberry
- Mountain Top Arboretum: 35,000 dola – Siyalizasyon entèpretatif

## **Konte Ulster**

- Vil Shandaken: 125,000 dola – Pwojè Pak Shandaken – Reyabilitasyon Pak Glenbrook
- Vil Shandaken: 80,000 dola – Plan konplè

**Sekretè Eta a, Robert J. Rodriguez, te deklare,** "Fòmil kwasans Entelijan patikilyèman enpòtan nan pak Adirondack ak Catskill pandan n ap chèche grandi sant minisipal istorik nou yo pandan n ap prezève tou bèl resous natirèl sa yo. Depatman Deta a ak pwogram Kwasans Entelijan DEC la travay ansanm pou reyalize yon balans an sante ant kwasans ak konsèvasyon nan Pak sa yo. Felisitasyon pou DEC aske li plis avanse kòz kwasans entelijan ak dirab nan Eta New York."

**Direktè Egzekitif Ajans Pak Adirondack la, Barbara Rice, te deklare,** "Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, Pwogram Sibvansyon Kwasans Entelijan kontinye ede avanse pwojè ki byen planifye, ki enspire nan kominote a ki bati sou karaktè inik 101 vil ak vilaj ki genyen pak la. Kominote ki dnamik ak divès yo absoliman esansyèl pou asire vyabilite alontèm pak Adirondack ak Catskill yo. Finansman Kwasans Entelijan ede fè sa reyalize."

**Prezidan, Asosiyasyon Vil ak Vilaj Adirondack la (Adirondack Association of Towns and Villages, AATV), Steve McNally, te deklare,** "AATV ak manm li yo apresye envestisman pwogram kwasans entelijan DEC bay nan Pak Adirondack la. Kit nou gen presyon devlopman oswa lit ekonomik, prèske tout kominote nou yo gen pwoblèm pou fè fas ak yo epi sa a se yon gwo opòtinite pou mete lajan nan planifikasyon ak pwojè ke nou envesti ladan lyou okalman."

**Direktè Devlopman Ekonomik Catskill Watershed Corporation (CWC) Barbara Puglisi, ak Direktè Egzekitif Catskill Watershed Corporation, Jason Merwin, te deklare,** "Catskill Watershed Corporation kontan ak anons rekonpans pou anpil kominote Watershed nan rejyon Pak Catskill la. Sibvansyon sa yo pral ede kominote lokal yo ak objektif planifikasyon alontèm, rekreyasyon, pwomosyon touris, ak vitalite kominote a an jeneral. Sibvansyon pou kwasans entelijan sa yo konsistan avèk bezwen vil manm nou yo ak misyon doub CWC nan pwoteksyon kalite dlo ak dirabilite kominote a."

Fon Pwoteksyon Anviwonman (Environmental Protection Fund, EPF) Eta ap sipòte sibvansyon yo anonse jodi a. Bidjè Eta pou ane Fiskal 2024-25 la pral kenbe finansman EPF la nan 400 milyon dola, ki se nivo finansman ki pi elve nan istwa pwogram nan. EPF la yon resous enpòtan pou pwogram anviwònmanal tankou akizasyon tè, pwoteksyon tè agrikòl, prevansyon ak eliminasyon espès anvayisan, aksè ak lwazi, amelyorasyon kalite dlo, ak pwojè jistis anviwònmanal yo. Anplis de sa, Bidjè Eta yo Aopte pou 2024-25 la ap kontinye sipòte Prezèvasyon Forestyè New York la ak 10 milyon dola pou Prezèvasyon Forestyè Catskill ak Adirondack pou pwojè dirabilite ak jerans, ansanm ak finansman pou inisyativ ki enpòtan lokalman ki gen ladan 250,000 dola pou [Sant Vizitè Catskills](#) ak 180,000 dola pou Cary Institute pou sipòte Catskills Science Collaborative k ap travay pou plis rechèch syantifik ak siveyans anviwònmanal nan Catskills.

Pou plis detay sou sibvansyon yo akòde yo ak enfòmasyon sou planifikasyon kwasans entelijan ak aktivite aplikasyon nan pak Adirondack ak Catskill, vizite [sitwèb DEC](#) la.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)